

Enskripsyon Ouvè nan Health Connectorap vini. Èske w pare?



Peryòd Enskripsyon Ouvè a ap kòmanse 23 oktòb 2026 pou rive 23 janvyè 2027.

Kisa Peryòd Enskripsyon Ouvè a ye?

Peryòd Enskripsyon Ouvè a se moman chak ane pou chwazi kouvèti sante ak dantè pou 2027. Si w deja gen yon plan ConnectorCare oswa Health Connector, ou kapab chanje plan aktyèl ou a tou.

Kat etap pou prepare w

01

Mete kont ou ajou. Konekte nan kont ou an nan MAhealthconnector.org. Mete enfòmasyon w yo ajou si nenpòt nan bagay sa yo chanje:

- Revni w
- Moun ki abite lakay ou
- Adrès ou
- Nenpòt lòt chanjman enpòtan

02

Voye dokiman w yo. Health Connector a ka mande w prèv, tankou prèv revni w. Voye tout dokiman ou dwe yo. Sa pèmèt nou konfime enfòmasyon w yo.

03

Fè si ke ou ranpli taks 2025 ou, si w poko fè sa, pou w ka pa rate okenn ekonomi.

04

Li tout mesaj Health Connector yo. Louvri lèt, imel, ak tèks nou voye ba ou yo. Mesaj sa yo gen mizajou oswa enfòmasyon enpòtan konsènan kouvèti w la.

Rete okouran de mizajou enpòtan konsènan règleman federal yo nan MAhealthconnector.org/updates

Pase nan etap pwochen an

Vizite MAhealthconnector.org pou kòmanse, oswa rele 1-877-MA-ENROLL (1-877-623-6765), oswa TTY: 711, lendi jiska vandredi, soti 8:00 a.m. rive 6:00 p.m.

Jwenn èd nan men yon Konseye nan Enskripsyon ki toupre w

Konseye nan Enskripsyon yo lokalize nan òganizasyon kominotè fyab yo atravè Eta a ki ofri èd nan enskripsyon gratis. Tou depan de òganizasyon an, ou ka jwenn èd gratis an pèsòn sou randevou oswa pa telefòn oswa pa videyo konferans. Jwenn èd toupre w nan <https://www.mahealthconnector.org/navigators>.